



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ 26 MILYON DOLA POU RENOVASYON ENFRASTRIKTI SANTRAL IDWO-ELEKTRIK MOHAWK RIVER AN FINI

Yo Renove Tibin ak Ekipman Kontwòl Santral la nan Batiman Enèji Pwòp Rejyon Nò a

Pwojè sa a Fèt nan Kad Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) Gouvènè a ki di pou 50 Pousan Elektrisite Sòti Nan Sous Enèji Renouvlab yo Disi 2030

W ap Jwenn Foto Batiman yo [La a](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse fen yon pwojè 26 milyon dola pou renove santral idwo-elektrik Crescent ak Vischer Ferry sou Mohawk River nan Rejyon Capital la. Pwojè sa a te gen ladan tou mizanivo ekipman nan santral idwo-elektrik NYPA genyen nan Ashokan, nan Konte Ulster. Renovasyon sa yo ede New York avanse pi lwen nan direksyon Estanda Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo an, ki mande pou 50 pousan elektrisite eta a soti nan sous enèji renouvlab disi 2030.

“Nasyon nou an fè yon investisman san parèy nan zafè enèji, kidonk n ap konstwi yo sistèm enèji ki dirab, rezistan e abòdab pou tout moun New York,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa a se yon lòt gwo etap nan kad jefò n ap fè pou nou kreye yon estanda nasyonal ki gen nanm, pou nou redui emisyon enèji epi kreye yon New York ki pi pwòp e pi vèt pou jenerasyon demen yo.”

Pami uit dèlko nou genyen nan de santral sa yo, kat ladan yo ajou kounye a grasa yon pwogram 20 milyon dola NYPA ki rele Life Extension and Modernization Program. Grasa yon lòt inisyativ 6 milyon dola menm jan an, NYPA te fè tou mizanivo ekipman kontwòl ki nan toude santral Mohawk River yo, epitou nan ti batiman idwolik Ashokan an. W ap jwenn foto batiman yo [la a](#). Inisyativ sa yo fè pati Plan Estratejik Senkan NYPA pou mete ajou e fè antretyen tout byen li genyen, pou yo bay rezilta ki pi bon pou kliyan k ap peye pou kouran.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans nan Eta New York, te di konsa, “Lè nou fini avèt tout gwo renovasyon sa yo nan ti santral idwo-elektrik NYPA yo, se montre nou montre jan nou pran angajman anvè enèji pwòp e kijan, an menm tan tou, nou konsantre sou mizanivo enfrastrikti enpòtan pou asire nou rive a 50 pousan disi 2030, ki se objektif Estanda Enèji Pwòp la.”

Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif NYPA, te deklare, “N ap jenere kouran pwòp ki pa chè. Se sa misyon nou ye nan Power Authority. Lè nou fè efò pou bon jan antretyen ak modènizasyon, tankou travay sa a nou fini dènyèman nan ti batiman idwolik nou yo, sa pèmèt nou kontinye ofri kouran ki bon mache e ki de bòn kalite bay kliyan nou yo.”

NYPA te achte santral Vischer Ferry ak Crescent yo nan men Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation) an 1984. An 1990, li te ajoute de dèlko ak tibin nan chak santral, pou yon nouvo kapasite konbine de apeprè 6,000 kilowat (kW). Apre sa, an 1993, li te repare de dèlko ak tibin ki te nan de batiman yo depi lè yo te ouvri an 1925.

Renovasyon ki fèt dènyèman yo konsène dèlko ki pi nèt yo. Travay la te gen ladan renovasyon pati prensipal dèlko ak tibin yo, epitou ranplasman twa pòtay ki pou règlemante jan rivyè a koule, ansanm ak de trepye ki sou tèt pòtay sa yo. Toude trepye yo te prèske gen santan. Kounye a, enjenyè NYPA yo ap antreprann yon evalyasyon pou ranplase kat dèlko a tibin ki te la depi nan kòmansman.

Puisans soti ti batiman idwolik NYPA yo ede louvri Kanal Erie a epi pote plis kouran bay kliyan gouvènmantal NYPA la.

NYPA se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta nan peyi a, gras a eksplwatasyon 16 etablisman pwodiksyon li yo ak plis pase 1,400 mil sikwi liy transmisyon yo. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi eta. Li finanse operasyon li yo grasa lavant obligasyon ak revni li resevwa an gran pati atravè lavant elektrisite. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodwi a se enèji idwo-elektrik renouvlab ki pwòp. Pou plis enfòmasyon ale sou sit entènèt: www.nypa.gov. Suiv NYPA sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#), ak [LinkedIn](#).

Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize envestisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire prèske 800 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, sa ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a efikasite enèjetik, epi li te kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Eta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak envestisman 5 milya dola Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon, tanpri vizite sitwèb www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan [@Rev4NY](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418